

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1. Kasang Tukang Masalah

Éksistensi manusa salaku mahluk sosial jeung mahluk individu, ngabalukarkeun manusa salawasna ngalakukeun interaksi enggoning campur gaulna di masarakat. Interaksi nu lumangsung bisa antara individu jeung individu, bisa ogé antara individu jeung kelompok. Prosés interaksi hakékatna mah mangrupa prosés komunikasi.

Prosés komunikasi bakal lumangsung minangka aya alat jeung médiana. Diantarana alat komunikasi, bisa nyicingan posisi jeung peran anu pangpentingna. Ku sabab kitu, fungsi pangutamana tina basa nya éta pikeun alat komunikasi. Salian ti éta, basa ogé jadi cicirén bangsa anu baris nuduhkeun ti mana hiji basa miboga daérah asalna. Basa Daérah kaasup salah sahiji sélér tina basa anu aya di wilayah nusantara, anu kalungguhanna geus kaaku ku pamarentah/nagara sakumaha anu ditétélakeun dina penjelasan UUD 1945, Bab XV. Pasal 36, anu kagambar tina cutatan :

“Di daérah-daérah yang memepunyai bahasa sendiri, yang dipelihara oleh rakyatnya dengan baik-baik (misalnya bahasa Jawa, Sunda, Madura dan sebagainya) bahasa-bahasa itu akan dihormati dan dipelihara juga oleh negaranya”

Hal anu kaunggel di luhur, jadi kakuatan pikeun basa daérah sangkan tumuwuh jeung maju.

Disagigireun éta, dina seminar politik bahasa nasional 1995 di Jakarta geus ditandeskeun ngeunaan kalungguhan fungsi bahasa daérah anu kagambar tina cutatan:

1. Kelangsungan hidup-hidup bahasa Daerah terus dipelihara oleh masyarakat pemakainya dan merupakan bagian dari kebudayaan Indonesia yang hidup dan dijamin oleh UUD 1945.
2. Bahasa-bahasa Daerah adalah lambang-lambang nilai sosial budaya yang mencerminkan dan terikat pada kebudayaan yang hidup dikalangan masyarakat pemakainya.
3. Bahasa-bahasa Daerah adalah ke- 1 budaya yang dapat dimanfaatkan bukan saja untuk kepentingan pengembangan pemb- bahasa nasional kita tetapi juga untuk kepentingan

pembinaan dan pengembangan bahasa-bahasa daerah itu sendiri, dan oleh karena itu dipelihara.

4. Bahasa-bahasa Daerah itu berbeda-beda bukan saja didalam strukturnya tetapi juga didalam jumlah penutur aslinya.
5. Bahasa-bahasa Daerah itu tertentu dipakai sebagai alat perhitungan baik secara lisan maupun tertulis sedangkan bahasa-bahasa Daerah lainnya hanya dipakai secara lisan.
6. Didalam pertumbuhan dan perkembangannya, bahasa-bahasa Daerah mempengaruhi dan pada waktu yang sama di pengaruhi oleh bahasa nasional, bahasa-bahasa Daerah lain, dan bahasa asing tertentu sebagai akibat meningkatnya penyebaran pemakaian bahasa Indonesia, bertambah lancarnya hubungan antar Daerah dan meningkatnya perpindahan arus penduduk serta jumlah perkawinan antar suku (Halim, 1981:22)

Jéntréna ngeunaan kalungguhan jeung fungsi basa Daérah, ngarojong pamarentah pikeun nangtukeun kawijaksanaan nu baris ngajaga nu lumangsungna hirup jeung kamekaran bahasa Daérah. Altératif cara nu paling éfektif pikeun miara sarta ngamekarkeun basa daérah, hususna basa Sunda, nya éta ngaliwatan cara pelajaran di sakola-sakola.

Manusa mahluk anu sampurna dibéré karunia anu leuwih pinunjul, nya éta ngeunaan kamampuh nyarita, kamampuh pikeun nembrakeun eusi haté ngaliwatan sora basa. Kamampuh nyarita ngabédakeun manusa jeung mahluk séjénna.

Nyarita mangrupa hiji hal anu kacida penting dina kahirupan, lantaran manusa salaku mahluk sosial, mahluk anu salawasna hirup babarengan perlu komunikasi diantara sasama manusa. Ku nyarita, manusa bisa ngébréhkeun ngeunaan dirina, ngatur lingkungan jeung nyipta pangwangunan budaya insani. Pakakas anu nyumponan pikeun lumangsungna komunikasi nya éta, boh lisan boh tinulis.

Lamun dipapay raratanana basa lisan leuwih tiheula digunakeun kumanusa tibatan basa tinulis. Frékuensi atawa mindeng dipakéna basa lisan, mindeng pisan digunakeun dina kahirupan sapopoé tibatan basa tinulis. Ieu hal luyu jeung pamadegan salah saurang ahli komunikasi anu nyebutkeun yen:

“Penelitian membuktikan bahwa 75% waktu bangsa Indonesia dalam kegiatan komunikasi. Kita hampir dapat memastikan bahwa sebagian kegiatan komunikasi itu dilaksanakan secara lisan”. (Jalaluddin, 1982:2)

Kamampuh nyarita lain ngan saukur diperlukeun dihareupeun jalma réa atawa rapat resmi, tapi diperlukeun ogé dina kahirupan sapopoé. Nyarita leuwih diperlukeun dina widang atikan jeung pangajaran anu salilana teu bisa leupas tina kagiatan nyarita.

Di SMA hususna sakola-sakola Yayasan Pendidikan Dasar dan Menengah (YPDM) Pasundan, ciri khas Pasundan nya éta basa Sunda diajarkeun timimiti kelas hiji nepi ka kelas tilu. Sarta mangrupa salah sahiji widang studi anu di –EBTA-keun. Ku kituna, kawajiban guru basa Sunda nepikeun pangajaran anu sahadé-hadéna. Tangtu waé bahan pangajaran dipilih kalawan gemet diluyukeun jeung lolongkrang waktu anu disadiakeun dina jam pangajaran dina jero saminggu. Sedengkeun anu kudu diajarkeun lega ambahanana.

Salah sahiji tujuan pangajaran basa Sunda nya éta siswa mampuh ngebrehkeun pikiran jeung sagala kahayangna sacara lisan diantarana mampuh biantara luyu jeung standar kompetensi jeung kompetensi dasar disebutkeun yén tiap unit pangajaran basa Sunda ngawengku bahan wacana, struktur, nulis, pragmatik jeung aprésiasi.

Salaku bahan pangajaran dina kurikulum basa jeung sastra Sunda, poko bahasan pragmatik di SMA ngawengku biantara, diskusi jeung wawancara. Diantara katilu subpoko bahasan kasebut anu pangmindengna dipedar ngeunaan biantara. Pangajaran biantara leuwih nekenkeun kana digunakeunana basa lisan salaku pakakas komunikasi. Siswa dipiharep bisa nembrakeun pamadegan, bisa nyarita pikeun meunang perhatian tinu ngadéngé, bisa jadi pupuhu sidang diskusi, bisa jadi panata acara dina rapat. Pikeun nyumponan pamedih diluhur, merlukeun kaparigelan nya éta parigel nyarita ngagunakeun basa dina komunikasi.

Salahsahiji kaparigelan basa téh nya éta kaparigelan nyarita. Ieu kaparigelan téh kaasup kana aspék anu produktif. Nyarita mangrupa sarana pikeun nepikeun informasi atawa wawasan sacara lisan ka pihak séjén boh salaku wawakil dirina boh organisasi. Ku lantaran kitu, nyarita sakuduna ditepikeun kalawan hadé, sangkan maksud jeung eusi caritaan henteu papalingpang jeung nu ngadéngékeun.

Ditilik tina caritanana nyarita bisa dibagi jadi dua bagian nya éta nyarita dina situasi biasa, upama nyarita jeung babaturan, jeung nyarita dina situasi anu sipatna resmi, umpamana biantara.

Nyarita dina situasi biasa atawa teu resmi, pikeun siswa SMA teu nimbulkeun masalah, siswa geus biasa nyarita kalawan lancar. Béda jeung nyarita dina situasi resmi utamana biantara. Dina waktu siswa biantara mimiti kapanggih kakurangmampuan siswa nyarita dina situasi resmi saperti biantara jadi masalah anu kudu gancang-gancang dioméan, sangkan teu kadalon-dalon.

Atikan jeung tarékah ngoméan kakurangmampuan siswa nyarita dina situasi resmi iwal ti jadi kawajiban pamaréntah, ogé mangrupa kawajiban kulawarga anu dipalar sangkan basa Sunda tetep renggenek jeung mekar dina kasundaan.

Kamampuh nyarita bisa ngaronjatkeun ajén prestasi siswa. Naon anu geus dibaca, didéngé, ditempona bakal dicaritakeun dumasar kana kamaherana ngolah kecap anu rék ditepikeun. Kitu deui ku diajarkeunana biantara, bakal ngarojong siswa mampuh pikeun nepikeun pamadeganana ka jalma réa, sarta bakal ngarojong kana kamampuh nyarita waktu prosés diajar ngajar lumangsung.

Nilik pentingna masalah kasebut di luhur, didasaran ku pamikiran-pamikiran anu di ébréhkeun saméméhna, nu nulis ngayakeun panalungtikan dina wangun skripsi anu judulna nya éta “Kamampuh Biantara Basa Sunda dina Aspék Kabasaan jeung Nonkabasaan Siswa SMA Pasundan 3 Bandung”.

Nu nulis ngayakeun panalungtikan di SMA Pasundan 3 Bandung, pikeun meunang gambaran kumaha kamampuh biantara basa Sunda siswa SMA Pasundan 3 Bandung dina aspék kabasaan jeung nonkabasaan? Naha geus nyumponan kana kritéria luhur atawa acan? Kana basa anu digunakeun sapopoé basa Sunda, wilayahna kaasup priangan jeung sakolana anu mangrupa Yayasan Pasundan. Ieu hal anu ngalantarankeun nu nulis ngajukeun panalungtikan ngeunaan “Kamampuh Biantara Basa Sunda dina Aspék Kabasaan jeung Nonkabasaan”.

### **1.2. Watesan Masalah**

Pangajaran basa mangrupa pangajaran anu kompléks atawa ruwed, sabab ngawengku sababaraha mata pelajaran, saperti kabasaan, kusastraan, jeung kaparigelan ngagunakeun basa anu ngawengku; nyarita, ngaregepkeun, maca jeung nulis. Anu dipedar dina ieu skripsi ngeunaan kamampuh nyarita, nya éta nyarita dina situasi resmi atawa biantara.

Pangajaran biantara mangrupa salah sahiji tina pangajaran basa Sunda nu diajarkeun ka Siswa SMA Pasundan 3 Bandung.

Nilik kana kompléks permasalahanana anu aya patalina jeung pangajaran basa, nu nyusun ngawatesanan masalah panalungtikan sangkan teu jauh méngpar tina tujuan. Masalah anu bakal ditalungtik diwatesanan ngeunaan pangajaran nyarita hususna kamampuh biantara basa Sunda ditilik tina aspék kabasaan jeung nonkabasaan.

### **1.3. Rumusan Masalah**

Dumasar kana watesan masalah diluhur, anu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dihandap ieu:

1. Kumaha kamampuh biantara basa Sunda siswa SMA Pasundan 3 Bandung kelas XI ditilik tina aspék kabasaan?

2. Kumaha kamampuh biantara basa Sunda siswa SMA Pasundan 3 Bandung kelas XI ditilik tina aspék nonkabasaan?

#### **1.4. Tujuan Panalungtikan**

##### **1.4.1. Tujuan Umum**

Luyu jeung masalah-masalah anu rék ditalungtik, tujuan umum panalungtikan nya éta pikeun ngukur nepi ka mana kamampuh nyarita siswa SMA Pasundan 3 Bandung dumasar kana kritéria-kritéria anu geus ditangtukeun dina tiori biantara.

##### **1.4.2. Tujuan husus**

Sacara husus tujuan ieu panalungtikan nya éta pikeun meunangkeun gambaran ngeunaan pangaweruh jeung kamampuh siswa sarta hal-hal anu mangaruhan kana kamampuh nyarita patalina jeung unsur kabasaan sarta nonkabasaan nya éta ngeunaan:

1. Kamampuh biantara basa Sunda siswa SMA Pasundan 3 Bandung kelas XI ditilik tina aspék kabasaan.
2. Kamampuh biantara basa Sunda siswa SMA Pasundan 3 Bandung kelas XI ditilik tina aspék nonkabasaan.

#### **1.5. Mangpaat Panalungtikan**

Mangpaat anu dipiharep tina ieu panalungtikan diantarana:

1. Dipiharep bisa méré gambaran utamana ka guru dina nangtukeun kiat jeung stratégi pikeun nepikeun pangajaran biantara.
2. Jadi panaratas pikeun panalungtikan satuluyna dina nalungtik kamampuh biantara ditilik tina aspék séjénna

3. Panambah karya ilmiah pikeun ngeuyeuban hasanah élmu pangaweruh, hususna dina pangajaran biantara.

## **1.6. Anggapan Dasar jeung Hipotésis**

### **1.6.1. Anggapan Dasar**

Nu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta saperti ieu di handap

1. Ieu panalungtikan dilaksanakeun dumasar kana anggapan dasar yén bahan pangajaran pragmatik basa Sunda mangrupa bagian tina bahan anu kudu ditepikeun dina pangajaran basa Sunda sarta kaunggel dina kurikulum.
2. Bahan pangajaran biantara mangrupa bagian tina bahan pangajaran pragmatik
3. Pangajaran biantara kaasup kana kaparigelan basa anu produktif anu kudu dicangking ku siswa.

### **1.6.2. Hipotésis**

Hipotésis dina ieu panalungtikan nya éta:

1. Siswa SMA miboga tingkat kamampuh biantara basa Sunda anu luhur pisan ditilik tina aspék kabasaan.
2. Siswa SMA miboga tingkat kamampuh biantara basa Sunda anu luhur pisan ditilik tina aspék nonkabasaan.

## **1.7. Dépinisi Operasional**

Sangkan henteu nimbulkeun rupa-rupa tafsiran istilah-istilah anu aya dina judul panalungtikan, ieu dihandap baris dipedar tur dijéntrékeun dina wangun définisi:

1. Kamampuh Biantara
  - a. Kamampuh nya éta “kesanggupan, kecakapan, kekuatan, kekayaan” (KBBI 2002:708)
  - b. Biantara nya éta “pidato, nyarita atawa cacarita hareupeun jalma rea” (KUBS, 1992:56)

Jadi anu dimaksud kamampuh biantara nya éta kagiatan nalungtik kaparigelan siswa dina nyarita hareupeun jalma réa dina hal ieu hareupeun babaturanana di kelas.

2. Siswa SMA Pasundan 3 Bandung nya éta sajumlahing anak didik anu aya di lembaga pendidikan swasta, satingkat jeung SMA lainna di daérah Bandung.

